

## **Coronavirus (COVID-19) Kesyon ki Poze pi Souvan yo pou Lidè Kominote Relijiyè ak Imanis yo**

Si wap dirije yon òganizasyon relijiye, ou ka gen kesyon sou fason pou jere zafè ki gen rapò ak COVID-19. Anba a wap jwenn kèk repons Kesyon ke yo Poze Lidè Kominote Relijiyè ak Imanis yo pi Souvan sou viris la ak prevansyon li yo.

Pou plis enfòmasyon sou COVID-19, tanpri vizite Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi, ale sou [www.cdc.gov/coronavirus](http://www.cdc.gov/coronavirus).

Pou dènye nouvèl ki pi resan sou COVID-19 nan Komin Oranj, tanpri ale sou paj wèb Gouvènman Komin Oranj lan sou Coronavirus: [www.ocfl.net/coronavirus](http://www.ocfl.net/coronavirus).

*Remak: Enfòmasyon ki nan dokiman sa a pa yon ranplasman pou konsèy jiridik, men li founi enfòmasyon debaz pou Lidè Kominote Relijiyè ak Imanis yo. Tout kesyon jiridik konsènan sant adorasyon yo dwe adrese a ajans ki apwopriye a. Dènye miz-ajou: 6/10/2020*

### **1. Èske legliz yo, sinagòg ak lòt sant adorasyon yo ka fè sèvis yo?**

Wi. [Dekrè Egzekitif 20-91 Gouvènè a](#), ki te pwolonje avèk [Dekrè Egzekitif 20-112](#) ak [20-139](#), idantifye sèvis relijiye tankou nan legliz, sinagòg ak lòt sant adorasyon kòm "aktivite esansyèl." tout building oswa etablisman ki ouvè dwe kontinye respekte distans sosyal ak pwosedi sanitè apwopriye. Depatman Sante Florid ankouraje antite sa yo pou swiv direktiv [espesifik CDC yo pou òganizasyon relijiyez yo](#).

### **2. Ki limit/restriksyon ki etabli kounye a konsènan kantite moun ke yo pèmèt pou patisipe nan yon rasanbleman relijiye?**

Gouvènman Komin Oranj ap ankouraje rezidan yo ak vizitè ki patisipe nan yon rasanbleman relijiye pou yo pratike rekomandasyon [espesifik CDC pou Òganizasyon Relijiyè](#) pou pwoteksyon kont viris COVID-19. Dispozisyon sa yo se direktiv ke yo ye epi yo pa obligatwa ni yo pa gen entansyon pou mete okenn restriksyon sou egzèsis lib la relijyon.

### **3. Kiyès moun ki nan pi gwo risk pou pran COVID-19?**

Dapre CDC, moun ki aje 65 an oubyen plis oswa moun ki gen nenpòt laj ki gen kondisyon medikal grav nan pi gwo risk pou yo malad anpil ak COVID-19. Daprè [Dekrè Egzekitif pou Ijans 2012-12 Majistra Jerry L. Deming](#) lan, rezidan ki nan kategori sa yo ankouraje pou yo rete lakay yo, men si yo patisipe nan syon èvès relijiye kote rekòmandasyon CDC pa ka aplike, se pou yo konnen ke yap mete tèt yo nan gwo risk pou pran viris COVID-19.

### **4. Kisa m dwe fè si m konnen yon moun ki gen COVID-19 oswa si mwen kwè yon moun genyen l?**

Si moun nan kongregasyon an kwè ke yo ka enfekte avèk COVID-19, ankouraje yo pou pale ak founisè swen sante yo pou detèmine opsyon yo pou yo ka fè tès. [Chekè Sentòm CDS](#) a ka ede moun pran desizyon ak enfòmasyon yo sou chèche swen medikal ak tès. Pou yon lis opsyon sou ki kote tès lokal yo ye, ale sou [www.ocfl.net/coronavirus](http://www.ocfl.net/coronavirus).

### **5. Kòman òganizasyon relijiyèz mwen an ka diminye chans pou anplwaye m yo, volontè yo ak moun nan kongregasyon an vin malad?**

Daprè CDC, meyè fason pou bloke COVID-19 se pou w evite ekspozè ak viris la. Komansè ankouraje anplwaye w yo, volontè yo, ak moun ki nan kongregasyon w lan pou itilize [mezi prevansyon jounalye yo](#), tankou **lave men souvan, evite kontak sere** avèk moun, epi **kouvri tous ak etènne** w avèk yon tisi oswa anndan koud bra w. Asire ke w gen materyèl nan men w, ki enkli savon, desenfektan pou men ki gen omwen 60 pousan alkòl, tisi ak poubèl.

## 6. Kòman sant adorasyon yo ka travay pou ralanti pwopagasyon COVID-19?

Lè yo swiv direktiv CDC yo, Sant adorasyon yo ka jwe yon wòl enpòtan nan ralanti pwopagasyon COVID-19. Si gen difikilte pou kenbe distans sosyal, Lidè Relijye ak Imanistis yo ankouraje pou fè sèvis swa atravè mwayen elektwonik - tankou Facebook Live, YouTube, Zoom, oswa lòt platfòm similè - oswa fè sèvis nan stil pou moun ka rete nan machin yo pandan yap adore.

## 7. Ki kote m ka jwenn done sou sante nan ka COVID-19 nan Komin Oranj?

Ou ka jwenn dènye enfòmasyon sou pwopagasyon viris la sou sit entènèt Depatman Sante Florid la – atravè sit entènèt Komin Oranj lan, [www.orange.floridahealth.gov](http://www.orange.floridahealth.gov).

## 8. Koman map ka fè jwenn sant tès COVID-19 yo nan kominote a?

Pou yon lis sèvis-o-volan atravè Komin Oranj lan, ale sou [www.ocfl.net/coronavirus](http://www.ocfl.net/coronavirus).

## 9. Èske gen direktiv mwen ka swiv/aplike nan sant adorasyon mwen an?

Wi, gen yon varyete direktiv ke yo sijere pou sant adorasyon yo swiv. Nap ankouraje Lidè Relijye ak Imanis yo pou itilize resous yo jwenn sou sit entènèt [CDC](http://www.cdc.gov), [Depatman Sante ak Sèvis Imèn Etazini](http://www.floridahealth.gov) ak [Gouvènman Komin Oranj](http://www.oranjkomin.gov) pou devlope yon plan daksyon ak pwotokòl sekirite pou kongregasyon an, anplwaye ak volontè yo.

## 10. Kòman nou ka pratike mezi sekirite distans sosyal sant adorasyon mwen an?

CDC defini Distans sosyal, ki rele tou "distans fizik," pou rete (6) pye distans ant ou menm ak lòt moun ki pap viv nan menm kay avèk ou. Wap ka jwenn kèk direktiv debaz sou distans sosyal sou paj Gid Pwovizwa pou Kominote Relijyez yo sou sit entènèt CDC a.

## 11. Ki kote mwen ka jwenn enfòmasyon sou pwotokòl sekirite COVID-19 pou pwogram gadri, sal klas, ak lekòl yo?

Wap jwenn plizyè rekòmandasyon ak direktiv pou lekòl ak gadri yo sou sit entènèt CDC a anba sijè [Pwogram Gadri, Edikasyon ak Lajènès](#).

## 12. Ki pwotokòl sanitè mwen ka aplike pou limite pwopagasyon COVID-19 nan sant adorasyon mwen an?

Daprè CDC, moun yo ta dwe netwaye ak dezenfekte trè souvan sifas ak objè ke yo manyen, omwens yon fwa chak jou ([Konsèy CDC sou Gid netwayaj dezenfekte](#)). Li enpòtan pou netwaye sifas ak objè sa yo chak jou, tankou manch pòt, bouton limyè ak manch kabinèt. Sèvi ak pwodwi netwayaj jeneral yo epi swiv tout enstriksyon ki sou etikèt la. Pou dezenfekte, majorite dezenfektan ke yo sèvi nan kay yo ta sipoze trè bon.

## 13. Èske li akseptab pou sèvi manje nan sant adorasyon an?

Wi. Li akseptab pou sèvi manje nan sant adorasyon an. Sèvis manje yo ta dwe fèt ijyenikman pandan ke yap pratike distans sosyal ak obsève tout [Direktiv Sekirite Alimantè CDC sou COVID-19](#). Fè tout efò pou pratike distans sosyal, make atè a avèk sis (6) pye distans tou prè kote wap fè distribisyon manje a.

## 14. Sant adorasyon mwen an trè enplike nan sèvis kominotè. Kòman pou m ka asire sèvis volontè a jere an tout sekirite?

- Evite rasanble gwo foul moun ansanm. Fè tout reyinyon volontè ak evènman kominotè yo vityèlman.
- Lè wap fè livrezon manje oswa livrezon materyèl nan kominote a, nou rekòman [livrezon san kontak](#). Rete omwen sis (6) pye distans de lòt moun.
- Si volontè yo pa ka evite kontak dirèk avèk lòt moun, asire ke yo byen pwoteje tèt yo avèk ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE), tankou pou yo mete kachnen ak gan.
- Itilize [Tcheke Sentòm CDC yo pou](#) tcheke volontè yo chak jou.
- Ankouraje volontè pou yo pratike pwosesis ijyèn ak sanitasyon ki apwopriye. Yo dwe swiv règleman [CDC pou kontwole Enfeksyon nan Mitan Òganizatè Kominotè](#).

Sous: [healthcareready.org](http://healthcareready.org)

**15. Mwen gen bezwen siy COVID-19 pou m afiche nan sant adorasyon mwen an. Ki meyè kote ke mwen kapab jwenn materyèl sa yo?**

[CDC](#), [Depatman Sante Florid](#) ak [Gouvènman Komin Oranj](#) yo tout ofri yon varyete pano enfòmasyon ou ka telechaje pou ka afiche andedan etablisman w lan. Anplis de sa, nap rekòmande pou tcheke avèk òganizasyon relijye ou imanis yo pou wè si resous sou siy ou ka itilize pou afiche.